2024г.
7 марта

ГУМС

№ 9-10
(9607-9608)
издаётся
с 18 июня
1941 г.

Муниципальное автономное учреждение «Гудермесская районная газета «Гумс» | Свободная цена

Официоз

Р. Кадыров: “Уверен, в этом году будет невероятно высокая явка на выборах”

Избранный Председатель Съезда народа Чеченской Республики первого созыва Кадыров Рамзан Ахматович рассказал журналистам, почему в республике всегда высокая явка избирателей на выборах.

“В России есть выбор, это наш Президент, больше нам никто не нужен. Он многое сделал для нашего народа, таких людей мало”, - сказал Рамзан Кадыров.

По словам Главы ЧР, благодаря менталитету, обычаям и традициям, в республике всегда высокая явка на выборах.

“Мы как единая семья. Народ слушает власть, духовенство, общественность. У нас народ и власть всегда вместе. Я уверен, что в этом году будет невероятно высокая явка”, - заверил он.

Также Кадыров рассказал, что на Съезде обсуждали предстоящие выборы и проблемные вопросы.

“Было много представителей со всего мира. Значимость мероприятия очень высокой”.

В Чеченском государственном драматическом театре имени Х. Нурадилова прошел Съезд народа Чеченской Республики. В его работе принимают участие представители диаспор, проживающих на территории Российской Федерации, а также за ее пределами, представители народов и национальностей, живущих на территории республики или имеющих историческую связь с регионом. Кроме того, присутствовали делегации из разных стран Европы и СНГ.

Представитель чеченской диаспоры из Иордании: “Съезд показал наше единство”

В Чеченском государственном драматическом театре имени Х. Нурадилова прошел Съезд народа ЧР. В числе делегатов принимал участие представитель чеченской диаспоры из Иордании Шоно Арсби Ахмад.

Он подчеркнул важность проведения Съезда и отметил, что это событие является эпохальным и символичным для народа. Также Шоно Арсби Ахмад сказал: «Этот Съезд в очередной раз показал наше единство, несмотря на расстояние. К сожалению, 150 лет назад моим предкам пришлось покинуть свои родные земли и переехать в другую страну. Сегодня я принимаю участие на Съезде народа Чеченской Республики, потому что уже 10 лет как живу и работаю на своей исторической родине”, - добавил делегат.

Он отметил, что своим возвращением в Чеченскую Республику завершил 150-летний срок отдаленности от родины.

Чеченские предприниматели в Москве

В рамках Международного форума-выставки «Россия» на ВДНХ прошел День предпринимательства, в котором приняли участие предприниматели из Чеченской Республики.

Организацией их участия занимался Центр «Мой бизнес», открытый в рамках реализации национального проекта «Малое и среднее предпринимательство и поддержка индивидуальной предпринимательской инициативы».

Мероприятие всецело отвечало целям и задачам нацпроекта. Предприниматели получили прекрасную возможность представить свою продукцию и заявить тем самым о себе на широкую аудиторию.

«Здесь была представлена продукция как ведущих предприятий региона, в числе которых была продукция Аргунского мясокомбината и завода «Чеченские минеральные воды «INZARE», а также предпринимателей и самозанятых. К нашему стенду был проявлен большой интерес со стороны посетителей выставки, что, конечно, не могло не радовать», - поделился руководитель Центра «Мой бизнес» Н. Арсамбаев.

«Я впервые принимаю участие в столь престижном мероприятии, для меня это большая ответственность и, конечно же, возможность заявить о себе и своей продукции», - рассказала самозанятая Луиза Гагаева, которая специализируется на производстве кондитерских изделий «Desert Luiza».

Предприниматель из Чеченской Республики Магомед Цамаев презентовал туристический потенциал региона, а Абдул-Кадим Висарханов свою продукцию под брендом «DOOM-BOOM» (курдюк сушеный, копченый), Муслим Юсупов – мясные снеки «Jerki», которая пришлась по вкусу многим посетителям.

ИА “Грозный-информ”

ПОЗДРАВЛЕНИЕ
главы администрации Гудермесского муниципального района Х.Т.Магамадова с Женским праздником 8 Марта

Поздравляю всех женщин с Международным женским днём 8 Марта!

Дорогие наши женщины! Высока ваша роль в судьбе каждого человека. Вы создаете уют и гармонию в наших домах, воспитываете детей, призываете всех к милосердию, активно участвуете в общественно-политической жизни республики.

Вы стойко переносили все беды и лишения, которые пришлись на долю многострадального чеченского народа, являясь надежной опорой и утешением в самые трагичные дни.

От всего сердца отдельно выражаю благодарность нашим благородным и мудрым матерям, воспитавшим достойных патриотов своего Отечества, и выражаю им слова искренней благодарности!

Дорогие женщины! Пусть ваши добрые сердца всегда находят заслуженную любовь и поддержку близких. Спасибо, что вы есть в нашей жизни! Всех вам земных благ!

Готовы к выборам Президента Российской Федерации

Сотрудниками полиции в пределах возложенных полномочий проводится комплекс оперативных и профилактических мероприятий, направленных на недопущение нарушения избирательного законодательства, создание условий для реализации избирательных прав граждан, оказание содействия избирательным комиссиям, недопущение провокаций со стороны представителей радикальных религиозных течений.

С участием сотрудников полиции проведены совещания и рабочие встречи, на которых определен регламент предстоящего взаимодействия всех ведомств и структур района. Определены пути решения вопросов о мерах по обеспечению антитеррористической безопасности в ходе подготовки и проведения выборов.

Во взаимодействии с представителями духовенства среди населения района проводится профилактическая работа по недопущению экстремистской и иной противоправной агитационной деятельности, в том числе возбуждающей социальную, расовую национальную, религиозную ненависть и вражду.

Уважаемые жители района! Отделом МВД России по Гудермесскому району Чеченской Республики организована «горячая» телефонная линия для получения информации о нарушениях выборного законодательства по телефону: (88712-29-65-56).

А.СУЛЕЙМАНОВ,
начальник штаба
ОМВД России
по Гудермесскому району

Официоз

Внеочередное шестьдесят седьмое заседание Совета депутатов Гудермесского городского поселения Чеченской Республики третьего созыва

Р Е Ш Е Н И Е

от 05.03.2024 г. № 89 г. Гудермес

О проекте решения о внесении изменений и дополнений в Устав Гудермесского городского поселения

В целях приведения Устава Гудермесского городского поселения в соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», предложением прокурораГудермесского района от 28.02.2024г. № Исорг-20960010-145-24/-20960010и руководствуясь пунктом 1 части 10 статьи 35 Федерального закона от 6 октября 2003 года №131-ФЗ«Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Совет депутатов Гудермесского городского поселения

РЕШИЛ:

1. Одобрить проект решения «О внесении изменений и дополнений в Устав Гудермесского городского поселения» согласно приложению к настоящему Решению.

2. Настоящий проект решения «О внесении изменений и дополнений в Устав Гудермесского городского поселения» подлежит официальному опубликованию (обнародованию) не позднее, чем за 30 дней до дня рассмотрения вопроса о принятии решения Советом депутатов Гудермесского городского поселения«О внесении изменений и дополнений в Устав Гудермесского городского поселения».

3. Опубликовать в районной газете «Гумс» и разместить на официальном интернет сайте Гудермесского городского поселения www.gorsovet.su.

4. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

Глава Гудермесского городского поселения Р.М. САЛИЕВ

Приложение к РешениюСовета депутатов Гудермесского городского поселения от 05.03.2024 г. № 89

ЗАСЕДАНИЕ
СОВЕТ ДЕПУТАТОВ ГУДЕРМЕССКОГО ГОРОДСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ

РЕШЕНИЕ

от « »¬_____202_г. г. Гудермес

О внесении изменений и дополнений в Устав Гудермесского городского поселения

Руководствуясь Федеральным законом от 6 октября 2003г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» Совет депутатов Гудермесского городского поселения

РЕШИЛ:

1. Внести в Устав Гудермесского городского поселения следующие изменения:

1) Статью 6(Муниципальные правовые акты Гудермесского городского поселения)дополнить частью 7.1 следующего содержания:

«7.1 Муниципальные правовые акты Гудермесского городского поселения вступают в силу в порядке, установленном настоящим Уставом, за исключением нормативных правовых актов Совета депутатов Гудермесского городского поселения о налогах и сборах, которые вступают в силу в соответствии с Налоговым кодексом Российской Федерации.

Муниципальные нормативные правовые акты, затрагивающие права, свободы и обязанности человека и гражданина, муниципальные нормативные правовые акты, устанавливающие правовой статус организаций, учредителем которых выступает Гудермесское городское поселение, а также соглашения, заключаемые между органами местного самоуправления, вступают в силу после их официального опубликования (обнародования).

Иные муниципальные правые акты подлежат официальному обнародованию в случаях, предусмотренных федеральными законами, законами Чеченской Республики, настоящим Уставом, решениями Совета депутатов Гудермесского городского поселения либо самим муниципальным правовым актом.

Муниципальные правовые акты, подлежащие официальному обнародованию, должны быть обнародованы не позднее 10 дней со дня их принятия (издания), если иное не установлено федеральными законами, настоящим Уставом либо самими муниципальными правовыми актами.

Муниципальные правовые акты Гудермесского городского поселения, подлежащие официальному обнародованию, вступают в силу со дня их официального обнародования, если иной срок вступления их в силу не установлен федеральным законом, законом Чеченской Республики, настоящим Уставом либо самими муниципальными правовыми актами.

Иные муниципальные правовые акты Гудермесского городского поселения вступают в силу со дня их подписания, если иной срок вступления их в силу не установлен федеральным законом, законом Чеченской Республики, настоящим Уставом либо самими муниципальными правовыми актами.

Официальным обнародованием муниципального правового акта Гудермесского городского поселения, в том числе соглашения, заключенного между органами местного самоуправления, является их официальное опубликование.

Официальным опубликованием муниципального правового акта, в том числе соглашения, заключенного между органами местного самоуправления, считается первая публикация его полного текста в периодическом печатном издании, распространяемом в муниципальном образовании (газета «Гумс»)или первое размещение его полного текста в сетевом издании (www.gorsovet.su)|.

Дополнительными источниками обнародования муниципальных правовых актов, в том числе соглашений, заключенных между органами местного самоуправления, являются:

- размещение на портале Министерства юстиции Российской Федерации «Нормативные правовые акты в Российской Федерации» Эл№ ФС77-72471 от 05.03.2018 (http://pravo-minjust.ru);
- размещение в официальном сетевом издании «Вести Чеченской Республики» (http://www.vesti095.ru);
- размещение его полного текста на специально оборудованных стендах в специально отведенных местах на территории Гудермесского городского поселения, определенных нормативным правовым актом Совета депутатов Гудермесского городского поселения;
-размещение в местах, доступных для неограниченного круга лиц (в помещениях государственных органов, органов местного самоуправления, государственных и муниципальных библиотек, других доступных для посещения местах).
- иной предусмотренный уставом Гудермесского городского поселения способ обеспечения возможности ознакомления граждан с муниципальным правовым актом, в том числе соглашением, заключенным между органами местного самоуправления (обнародование путем опубликования в печатных изданиях и (или) сетевых изданиях, не являющихся источником официального опубликования муниципальных правовых актов, перечень которых доводится до всеобщего сведения путем опубликования правового акта главы Гудермесского городского поселения; обнародование по телевидению и радио, а также путем рассылки муниципальным предприятиям, учреждениям, организациям, а также путем распространения в машиночитаемой форме среди населения).»;

(Федеральный закон от 2 ноября 2023 г. N 517-ФЗ)

2) В Статье 7 (Вопросы местного значения Гудермесского городского поселения):

а) пункт 31 изложить в следующей редакции:

«31) организация и осуществление мероприятий по работе с детьми и молодежью, участие в реализации молодежной политики, разработка и реализация мер по обеспечению и защите прав и законных интересов молодежи, разработка и реализация муниципальных программ по основным направлениям реализации молодежной политики, организация и осуществление мониторинга реализации молодежной политики в Гудермесском городском поселении»;

б) дополнить пунктом 42 следующего содержания:

«42) Осуществление выявления объектов накопленного вреда окружающей среде и организация ликвидации такого вреда применительно к территориям, расположенным в границах земельных участков, находящихся в собственности Гудермесского городского поселения»;

в) в пункте 29 слова «создание, развитие и обеспечение охраны лечебно-оздоровительных местностей и курортов местного значения на территории Гудермесского городского поселения, а также» исключить;(вступает в силу с 01.09.2024г.)

(Федеральный закон от 2 ноября 2023 г. N 517-ФЗ)
(Федеральный закон от 4 августа 2023 г. N 449-ФЗ)
(Федеральный закон от 4 августа 2023 г. N 469-ФЗ)

3) В части 1 статьи9(Полномочия органов местного самоуправления Гудермесского городского поселения):

а)В пункте 9 слова «федеральными законами» заменить словами «федеральным законом от 6 октября 2003 года N 131-ФЗ “Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»;

б) Пункт 12 изложить в следующей редакции:

«12) учреждение печатного средства массовой информации и (или) сетевого издания для обнародования муниципальных правовых актов, доведения до сведения жителей Гудермесского городского поселения официальной информации»;

(Федеральный закон от 4 августа 2023 г. N 420-ФЗ)
(Федеральный закон от 2 ноября 2023 г. N 517-ФЗ)

4) Статью 23 (Глава Гудермесского городского поселения)дополнить частью 6.1 следующего содержания:

«6.1 Глава Гудермесского городского поселения освобождается от ответственности за несоблюдение ограничений и запретов, требований о предотвращении или об урегулировании конфликта интересов и неисполнение обязанностей, установленных настоящим Федеральным законом и другими федеральными законами в целях противодействия коррупции, в случае, если несоблюдение таких ограничений, запретов и требований, а также неисполнение таких обязанностей признается следствием не зависящих от него обстоятельств в порядке, предусмотренном частями 3 - 6 статьи 13 Федерального закона от 25 декабря 2008 года N 273-ФЗ “О противодействии коррупции”».

(Федеральный закон от 10 июля 2023 г. N 286-ФЗ).

Позитив

Поэтан кхолларалина лерина суьйре хилира

Хууш ма-хиллара, вайн республикехь тайп-тайпанчу т1ег1анашкахь – школашкахь, библиотекашкахь, университеташкахь – кхолларалин адамашна лерина цхьаьнакхетарш вовшахтуху, церан дахаран некъаш, кхолларалаш а йовзийтаран 1алашонца.

Кхолларалин х1ор а адаман дахарехь цхьа мур, цхьа де дог1у, цо шен дахаран, кхолларалин жам1 деш. Ишттачарех дара февраль беттан 20-чу дийнахь Гуьмсера №10-чу юккъерчу школехь Дешаран урхаллин куьйгалхочун Алхазов Зурабан, культурин декъан хьаькамо Эсуев Сайд-1елин а г1оьнца вовшахтоьхна, культурин белхахочо Магомедов 1усмана поэтан Асхабов 1абдул-1азизан 60 шо кхачарна лерина д1адаьхьна цхьаьнакхетар а. 1усмана шен къамелехь боцца бовзийтира 1-1.Асхабовн дахаран а, кхолларалин а некъ, цуьнан дахаран цхьайолу аг1онаш билгалйохуш: «Тахана вай цхьаьнакхетта Асхабов 1абдул-1азиз 60 шо кхачарца декъалван, цуьнан иллешка, эшаршка, назманашка, байташка ладог1а, вовшашка марзонца дистхила а. Шегара дуккха а беркат схьадаьллачу 1абдул-1азиза вовшахтоьхна-кх вай. Нохчийн республикехь дика вевза поэт, мукъамча, НР-н хьакъволу хьехархо, НР-н культурин хьакъволу белхахо 1-1.Асхабов. Кхуьнан иллеш, эшарш, назманаш а д1аолу вайн махкахь а, махкана арахьа а бевзачу РФ-н хьакъболчу артисташа: Токкаев Сулеймана, Эбиев Илеса, Межиева Маккас. К1еззиг бац халкъалахь 1абдул-1азизан дешнаш т1ехь яьхна эшарш локху, иллеш д1аолу къона артисташ а.

Д1аала атта, мукъамехь а хиларна артисташа шайн репертуарашна юкъадахийтина 1абдул-1азизан иллеш, назманаш, хазахеташ, баккхийберца т1еоьцу ладог1архоша».

Цхьаьнакхетарехь дакъалаца дуккха а адам деанера. Царалахь бара поэташ: Юсупов Руслан, Саиев 1умар, Борхаджиев Хожбауди, Алиев Мохьмад, Абубакарова Раиса, Есаулова Хадишт, журналист, публицист Сумбулатов Дени. Ткъа иштта НР-н Дешаран министерствон хьехархойн Профсоюзан куьйгалхо Герзелиев Даутхан, к1оштан дешаран декъан хьаькаман заместитель Габаев Турпал, Гуьмсен к1оштан дешаран белхалойн Профсоюзан куьйгалхо Дидиева Раиса, Гуьмсен к1оштан «Единая Россия» - партин декъан куьйгалхо Эльмурзаев 1усман, к1оштан администрацин векалш, НР-н Дай-нанойн комитетан председателан заместитель Адиева Зарема, Гуьмсе г1алин Берийн кхолларалин Ц1ийнан белхалой, Лаха-Нойбоьрара №1 йолчу юкъарадешаран школан белхалой, «Марзонан кхерч» - юкъараллин тобанан декъашхой.

НР-н Дешаран министерствон хьехархойн Профсоюзан куьйгалхочо Герзелиев Даутхана, к1оштан дешаран декъан хьаькаман заместитело Габаев Турпала, «Единая Россия» - партин декъан куьйгалхочо Эльмурзаев 1усмана, Дай-нанойн комитетан председателан заместитело Адиева Заремас, Берийн кхолларалин Ц1ийнан белхалочо Межидова Лизас, «Гумс» газетан коьртачу редакторо, поэто Борхаджиев Хожбаудис, цуьнан заместитело Сумбулатов Денис, и.д1.кх. 1абдул-1азизан кхолларалин лаккхара мах а хадош, цуьнан адамаллах, амалх а дика дош олуш, грамоташца, дипломашца а совг1аташ дира.

Шайн зевнечу аьзнашца иллеш д1аэлира, эшарш а лекхира, 1абдул-1азиза Даймахках, дахарх, ненах яьхна йолу, Токкаев Сулеймана, Домбаев Мохьмада, Тунтаев Дукхавахас, Асхабов Абус, Далдаева Нурета, Салдаева Тамилас, иштта Рахаева Мадинас куьйгалладечу Дешаран Центран дешархойн хоро а.

Хазахеташ, лерина ладуьйг1ира Асхабова Жарада (к1ентан йо1) дика д1аешначу «Лаьа суна» байте.

Цхьаьнакхетар д1адерзош вистхиллачу 1абдул-1азизан вашас – 1еламстага Ахьмада, 1абдул-1азиза а даггара баркалла элира цхьаьнакхетаре баьхкинчарна, ткъа иштта ишколан директорна Магомадова Леидан Лианина а, хьеший сий-ларамца т1еэцарна.

Д.СУМБУЛАТОВ

Забота «Родины» о детях

Семья — это источник вдохновения, поддержки и любви. Это место, где каждый человек может быть самим собой и чувствовать себя защищённым и любимым.

В воспитании у детей чувства любви и привязанности к семье, малой Родине, отзывчивости, дружелюбия важную роль играет духовно-нравственное воспитание. Детский сад является неотъемлемой частью всестороннего воспитания ребенка.

1 марта 2024 года в детском саду №1 «Родина» в селе Шуани, прошло районное мероприятие, приуроченное к Году семьи.

На мероприятие были приглашены гости: Борхаджиев Хожбауди – главный редактор районной газеты «Гумс», Шалаева Лариса Абдулахиевна и Абдрахманова Жарадат Минкаиловна – главные специалисты Управления по дошкольному образованию, Закаев Мансур Сайдхусейнович – пресс-секретарь главы администрации Гудермесского района, Дидиева Раиса Удиевна – представитель Рессовета профсоюза Гудермесского муниципального района, глава администрации села Шуани Сатабаев Амур Анасович и заместитель главы администрации села Шуани Мачаев Адам Хамзатович.

Активное участие в мероприятии приняли сотрудники и воспитанники детского сада. Коллективом детского сада были представлены разные номера: викторина с воспитанниками о семье и Родине, инсценировка о воссоединении семей, разлученных во время депортации чеченцев и ингушей, а также стихи, песни, танцы.

Основное качество всех сотрудников детского сада «Родина» – это любовь к своей профессии и детям. Здесь работают единомышленники, которые чувствуют и понимают, что детство – это самый ответственный период жизни.

В жизни ребенка дошкольному детству отведено непродолжительное время, однако этот период очень важен, и он имеет особую роль в развитии каждого ребенка. От того, как прожиты дошкольные годы, во многом будет зависеть, каким человеком станет сегодняшний ребенок.

Х. ХАДЖИЕВ

Дика адам

Шех ала хастаме дош дитинарг

Новрзакъан Минц1ин 1адлан, махках воккхучу хенахь, йалх шо кхаьчна вара. Жимачу цунна, баккхийчарна, йа цхьанне а хилларг х1ун ду ца хаьара. Бехкгуьнахь а доцуш, дерриге нохчийн къам Даймахкара, сийсаздеш, д1акхалхорах ца кхетара и, бехке дан даьлла х1ума а доцуш. Цуьнан жимачу коьртехь дукха хеттарш кхоллалора, дала жоп а доцуш. Х1ара жима бер дара, х1ара санна кхидолу бераш а, дуьне ган, довза кхиъна а доцуш. Ткъа х1инца, массо хьере а хилла, воьхна, лелара, шайна т1ех1оьттинарг х1ун киртиг йу ца хууш...

Шийлачу 1аьнан 1уьйранна, эпсарш коьртехь а болуш, кхеран керта салтий баьхкира. Лулахойн керташкахь а хезара цкъа а хезна боцу хийра мотт, цхьа тамашена, лерсинош чехочу маьхьаршца. Доьхна, х1ун дан деза ца хуш, хьийзара адам... Х1орш ворданахь йуьрта йуккъера маьждиг долчу охьа а бигна, цу чохь, не1арна дог1а а тоьхна, совцийра. Мелла а оьрсийн мотт бийца хуучо эпсаршка хеттарш дича, шайна а ца хаьа, шаьш лелорг х1ун ду, олий, жоп лора цара. Йуьртара адам вовшахтоьхна, Соьлжа-Г1ала боьдучу некъа т1е охьабигира эг1аштахой.

Цул т1аьхьа, даьхни д1асакхоьхьучу вагонаш чу а доьллина, Сибреха, Йуккъерчу Г1ум-Азин махка, д1акхалхийра дерриг а вайнехан халкъ. Цабевзачу, хийрачу, шийлачу махка...

Цхьана баттахь гергга некъбира цара паналле, хьоме Дег1аста геннахь т1ехьа а юьсуш... Цхьана дийнахь, узловой станцехь ц1ерпошт сецча, шен деца хи мала охьавоьссира 1адлан. Дукха адамаш дара, хьогалло хьовзийна, хи мала лууш... Кайолучо хи оьцура г1орасизчарна мала. Жима 1адлан, шен кийра 1аьнан шийла х1аваъ чууьйзуш, г1ийла д1асахьоьжуш, лаьтташ, цхьана шийлачу ирчалло 1адийра, лайлахь 1уьллучу къоначу зудчун докъах б1аьрг а кхетта… Т1ехула къийгаш а хьийзаш, лайлахь 1уьллуш дара нохчийн зудчун дакъа. Х1ара, сихха цунна т1е а хьаьдда, къийгаш д1а а чехош, г1орийна латта а, ло а цунна т1ехьекха волавелира. Шелоно дахьийна кхуьнан кегий п1елгаш лазадора, делахь а х1ара вуха ца волура. Х1ара «аах1ий» декъехь доггах воьлхура! Кхуо цуьнан б1аьргаш т1екъевлира. Цуьнан даккхий б1аьргаш. Ло, латта а т1ехьоькхуьра цо, велха а воьлхуш, вега а веш. Схьагучо, шелоно а дег1 д1ахьийначу кхуьнан тидам ца хилира, ц1ерпошт д1айолалуш. Т1аккха, и г1еххьа генайаьлча, цунна т1аьхьахьаьдира х1ара. Шен ма-хуьллу ведира. Жима дог кийрара схьаэккхадоллура... «Пана арахь висна ваьлла-кх х1инца» - аьлла хеттачу м1аьргонехь, цхьана 1аьржо юьхьсибат долчу салтичо х1ара йиллина не1 йолчу вагонна чуластийра. Вагон чохь жимма садаьккхира кхуо. Ши-кхо де делира, 1адлан шен дех-ненах д1а ца кхеташ. Деца-ненаца цхьаьна вацахь а, х1ара ледара ца витира нохчаша. Ц1ерпоштан чкъургийн татанаш, зударийн, берийн белхар, г1ийла олу назманаш бен, кхин самукъадала х1ума доцуш, шаьш цкъа а ца бина некъ а беш, шайна цкъа а ца яйначу лайн аренаш т1е беллачийн декъий охьакхуьссуш, дийна биснарш д1акхечира цабевзачу, шийлачу

махка. Цу махкахь ян а йара шийла... Кхеран доьзал, йуьртахой а Семапалатински областера Боголословк йуьртахь сацийра. Шераш д1аоьхура, ойла Даймахкахь а йолуш… Нохчийн къомо сатуьйсура Дег1астане. Цуьнан марзо, кхане, ирс, са а дара Дег1аста... Ца оьшура кхузара бахамаш. Цхьа Нохчийчоь бен йацара б1аьргаша лоьхург, дог тедан ницкъберг. Дийна виснарг д1алела везаш хиларна, адам, само а йеш, 1ен-даха доладелира, болх а беш, деша а доьшуш... 1адлана, доьзалехь божаберашна йуккъехь ша воккханиг хиларна, шен дена улле г1ерташ, г1о-накъосталла дора. Шаьш дехачу йуьртахь шопер балха х1оьттира х1ара. Х1орш Казахстанехь т1елаьцна меттиг, ша адам а къинхетам болуш хиларна, башха ницкъ ца хилира кхарна, кхечу нохчошна санна. Колхозан председатель вара нийсо ларъеш. Иза кхаьрца гергарло лело вуьйлира, балхана т1ера, шайна хьоьхучух сиха кхеташ а нохчий буйла шена хиъча. Ша зуда ялийча, тойне кхайкхира председателе 1адлан. Х1ара цига вахара. Ца вахара, ши куьг а ластийна-м. Д1ах1оьттина доккха ловзар дара, вота тухуш, пондар локхуш, самукъане, цкъа оьрсийн балалайка бекош, баян озош, йуха нохчийн вота тухуш, кехат-пондар локхуш, 1адланан ларам беш, чаг1аран кад кховдийра х1усамдас. 1адлана, ша молуш вац аьлла, хи дийхира, ша нускале мотт бастийта воллу аьлла. Массо а кхуьнга, цецвьлла, хьаьжира. Нускало стакан чохь деана хи а мелла, цу чу ахча диллира жимачу стага. Х1усамдена ч1ог1а хазахахийтира, нохчийн к1анта шеца и г1иллакх х1оттийча. Хьешан ларам беш, хелхаран бал баккхийтира 1адлане. Ша везийта, ларийта а хууш, нехан сий-ларам беш а вара 1адлан. Иштта дара нохчийн къам а. 1едало пурба а делла, 1адлан ц1а ван кечам бан воьлча, колхозан председателе кхо-йиъ тонна к1а делира кхунна. Дег1аста ц1адирзича, хене а бевлира х1орш, йуртахошна а к1а луш. Шен ткъе ши шо кхочуш, йуьртара нускал далийра жимачу стага. Тайптайпанчу меттигашкахь болх бира 1адлана, нахаца к1еда-мерза, г1иллакхе юкъаметтигаш а йолуш. Болх хьанал-ц1ена барна, 1едало мидалшца, грамоташца, дипломашца а совг1аташ дира кхунна. Нохчийчоь 1аьржачу бодано, т1амо лаьцча, Россин салташа д1адаьхьира и совг1аташ. Эг1аштахоша, Советан 1едал долуш, дуьйш-кхиош тонка лелийна. Советан пачхьалкх йоьхча, тонка лелор сацийра эг1аштхоша. Тонка лело лууш дукха адам дацара йуьртахь, къаьсттина 1адлан. Тонка ца лелийча, Советан 1едало бешахь кхиийна йалта д1ахьокхура, цундела леладора тонка. Х1инца санна ваха атта дацара. Шен белхан накъосташца, йуьртахошца а ц1ена болх а беш, хьанал чекхаваьлла 1адлан. Къилбседа Кавказехь шоферашна, механикашна а йуккъехь д1абаьхьанчу къовсамехь хьалхара меттиг йаьккхира 1адлана. 1едалан болх шовзткъе итт шарахь бина цо, хьанал къахьоьгуш. Вай лакхахь ма-аллара, сибрехахь долуш, председателе гергарло тесира кхуьнца. Кхеран хьашташ кхочушдеш, дика накъост вара и еххачу хенахь, къаьсттина цхьа а бахьана доцуш нохчий 1едало хьийзош хилар шена хиъначул т1аьхьа. Цуо, дагца къобалдеш, дика т1еийцира вайн г1иллакхаш, шена вайн къам довзар совг1ат а лоруш. Колхозан гуламехь вайн къомах хаза дош олуш, оьшучохь орцахволуш, т1ех1уттуш, къамел деш хилла цо, кхечу къаьмнашца цхьаьна фашистех лета нохчий а хьахош. Вайн къомо хьанал къахьоьгуш, хьарамаллах ларлуш, дин а, дайн 1адаташ а лардеш, д1аелира кхойтта шо хан. Аллах1ан къинхетамца, Цуьнан доккхачу г1оьнца 1957-чу шарахь, Н.С.Хрущевс бакъо а елла, ц1адирзира дай баьхначу махка вайнехан къам. Ша ц1авеача, йуьртарчу колхозехь болх а беш, 1адлана Балашов г1алара пушно-меховой техникумехь дийшира. Масех шарахь йуьртда болх а бира. Йуьртахь, Веданан, Шелан а к1ошташкахь вевзаш, лоруш стаг ву 1адлан. Шен боккха доьзал а хьанал къахьега 1амийра цуо. Бусулба динехь, дайн 1адаташ лардеш, беркате, бертахь кхиийна цо уьш. Т1аьххьалц а лелош ирзу, бошмаш, даьхни а дара воккхачу стеган. Цуьнан самукъадолура г1уллакх деш. Цкъа а эрна хан ца йойъура, «Уазик» тойора, мангал хьокхура, белана, шаданна г1аж тухура. «Дашо куьйгаш ду 1адланан», - олура массара а. Г1уллакхах къехкаш доьзал а бац. К1ентан бераш ду ишколехь, хьуьжарехь а дика доьшуш, дена, нанна а муьт1ахь а долуш. Аллах1ан боккхачу къинхетамца воккхачу стеган беркате т1аьхье кхуьуш йу. Жимахверг деца, ненаца а ву, ткъа кхиберш охьахь беха, сих-сиха Эг1ашт1а а бог1уш, оьшучохь накъосталла а деш. Йуьртара дика-вон, воккха стаг хьалха а воккхий, дерзадора эг1ашт1ахоша. Иштта беркате, дика а адам дара, шех эца дуккха дика масалаш а дитина, д1авахана 1адлан. Х1окху шеран кхолламан (январь) беттан ткъе ворх1алг1ачу дийнахь д1акхелхина, шех лаьцна ала хаза а, хастаме а дош дуьтуш, хьанал-ц1ена ваьхна вайн бусалба ваша 1адлан.

Аллах1-Дала гечдойла цунна1

САТУЕВА Мадина

Йо1 - Къонах

Чекуева Малика сан йишин марненан нана йара. Ачхойхь масситта шарахь 1ийра иза. Б1аьрса дайна йара и оьзда зуда. Хи ша делча а, иза а саг1адора цо, бохуш, дуьйцура сан йишас. Ши-кхо шо делахь, кхин хан йац и кхелхина. Йоккхачу Атаг1ара йара иза. НР-н Мехкдас Р.А.Кадыровс йохийначу г1ишлонна метта квартира йеллера цунна. Цул т1аьхьа к1езиг хан яьлча, Ставрополехь операци йича, б1аьрса юхаметтах1оьттира цуьнан. Тхан Нана, шеца цхьа-ши зуда а оьций, Малика йолчу йоьдура, цуьнан самукъадаккха. Дукха хаза эшар локхуш, цо ша лайнарш дуьйцуш, Маликица хан яьхьира оха. 23 чу февралехь оха тхайн школе а кхойкхура Малика! Дала гечдойла цунна!

Цуьнан йо1 Тамара Ачхойхь ехаш ю.

А. САИДОВ

Объявления

Продолжается подписка на газету “ГУМС” с 1 марта 2024 г.

Газета, как обычно, будет выходить 1 раз в неделю.

Подписчикам из отдельных предприятий, организаций и учреждений газеты будут адресно доставляться самой редакцией по месту работы.

Частным лицам рекомендуем обратиться в почтовую службу.

Стоимость подписки на 4 месяца - 200р.

Справки можно навести по телефонам: 8-871-52-2-22-58; 8928-890-07-50.

Считать недействительным утерянный аттестат, выданный МБОУ «Комсомольская СШ» в 2019 году на имя **ТАЛАЕВА ЮСУПА ХАСАНОВИЧА.**

Уголок поэзии

ЭЛЬБУЗДУКАЕВА РОЗА АЛИЕВНА. Педагогический стаж работы – 53 года. По специальности – учитель начальных классов. Более 20 лет работала в Гудермесской гимназии им.Д.Дадаговой заместителем директора по учебно-воспитательной и научно-методической работе и 8 лет - в должности методиста в Управлении образования Гудермесского муниципального района.

В данное время работает в Гудермесской СШ 13 заместителем директора по УВР.

ЗИМНЕЕ ВДОХНОВЕНИЕ

Зима рисует вновь узоры
На окнах ночи напролёт.
И спят заснеженные горы,
Сияет на озёрах лёд.

А поутру заблещет солнце,
И заискрится белый снег,
Снежком ударили в оконце,
И слышен звонкий детский смех.

Зимы короткие забавы
Свой след оставили в душе.
Как белой лебединой стаей
Те годы пронеслись уже.

Далёких лет воспоминанья...
Нежны и так они милы.
Стоим мы у причала жизни,
И вдаль уходят корабли.

ПОЛЁТ ДУШИ

Среди больших и малых дел
В мирских суетах пребывая,
Мы забываем о душе,
Желаньями пренебрегая.
Меж тем она зовёт незримо,
Сама ведёт нас изнутри,
Как будто Ангел напевает
Мотив- мелодию Души.
Напев Души прекрасен, чист,
Он раскрывает сердца струны.
И устремляешься ты вмиг
В полёт, достав крыло фортуны.
Ты ощущаешь мир, любовь,
Гармонию и безмятежность.
Душа ликует и поёт
И вновь летит с тобою в вечность.

МАМАКАЕВА Румиса

Сан деган безам хьо, сан ирсан г1ала,
Ма дукха дисна хьоьга сан ала...
Стиглара и седарчий ца лиепа кхин,
Боданехь хьул а делла, къайладевли...

Сан деган безам хьо, ойланийн эла,
Тахана вели хьо суна сел гена ...
И х1ор а ховха дош сан даг чохь дитна,
Дахаран йохаллехь со цхьалха йитна...

Сан деган безам хьо, х1айбате амат,
Ас хьо ца лору дахаран г1алат...
Вайшимма безамца йаьккхина зама
Йицйина, хьо воцуш, 1емар йу йаха...

НАНА

Со тахана къаьсттина
хьуна сагатлуш йу, Нана,
Даг чуьра ца йолу
ахь маракъийлина зама,
Дуьнен чохь хьо йолуш
сан ирсо хьистина ойла
Тахана йоьжна йу,
олхазар санна, т1ам бойна.

Ткъа х1инца 1емаш йу дахарехь,
хьо йоцуш, йаха,
Хьан хаза г1иллакхаш дисна
сан иэсехь даха,
Хьо йоцуш йаьхкина б1аьстенаш
ма хала лайна,
Б1аьстенан хазалла хьан
сибатах тарйи ас сайна

ЭСИЛАЕВА 1айнаъ

САН НОХЧИЙЧОЬ

Нана-Даймохк, денна кхуьуш,
хазлуш, лаьтта хьо,
Шен бос хаза т1амар хецна
ирсан зазано,
Гергарлонийн орам тесна,
стамбина хьайн гуо,
Сан Нохчийчоь, дуьненан йукъ хилла,
г1аьтти хьо.

Вайн дайшкара схьадеана
1адат ларди ахь,
Дуьненна а йовзийти ахь
бакънохчочун йахь,
Кура аьрзу хелха хьийзаш
стиглан 1аьршашкахь,
